**दिन—मंगलवार** **दिनांक—30.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्य मे तिरपन हजार करोड़ टकाक लागति सँ पाँच प्रमुख सड़क आ पुल परियोजना सभक निर्माण कएल जाएत। एहि प्रस्ताव कैँ जल्दिये केंद्रीय मंत्रिमंडलक मंजूरी भेटबाक संभावना अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक काल्हि नव दिल्ली में केंद्रीय सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्री नितिन गडकरीक संग भेल बैसार मे एहि पर सहमति बनल अछि।

---

केन्द्र सरकार द्वारा जीएसटी अपीलीय न्यायाधिकरणक सामने अपील करबाक अंतिम तिथि एकतीस जुलाई धरि बढ़ा देल गेल अछि। वित्त मंत्रालयक अनुसार पछिला वर्ष सितंबर में जारी अधिसूचना में अपील दायर करबाक अंतिम तिथि एहि वर्ष तीस जून तय कएल गेल छल। विभिन्न हितधारक न्यायाधिकरण मे अपील दायर करबाक भारी संख्याक कारणेँ आयल तकनीकी बाधाक हवाला दैत सरकार सँ अंतिम तिथि बढ़ेबाक अनुरोध कएने रहथि। सरकार द्वारा करदाता सभ कैँ सेहो सलाह देल गेल अछि जे ओ सभ समय रहिते अपील दायर कऽ दैथि आ अंतिम तिथिक इंतजार नहि करथि।

---

केन्द्र सरकार द्वारा पेट्रोल आ डीज़लक बिक्री पर लगाओल गेल अस्थायी प्रतिबंध हटेबाक फैसला लेल गेल। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय कहलनि अछि जे सार्वजनिक क्षेत्रक तेल कंपनी सभक पेट्रोल पंप सभ पर काल्हि सँ ई प्रतिबंध लागू नहि रहत। ध्यातव्य अछि जे पश्चिम एशिया संकटक दरमियान पेट्रोलियम उत्पादक बिक्री पर बारह जून सँ अस्थायी प्रतिबंध लगाओल गेल छल। एहि अंतर्गत एक ग्राहक वा वाहन कैँ एक दिन मे अधिकतम दू सए लीटर डीज़ल देबाक सीमा तय कएल गेल छल। मंत्रालय द्वारा कहल गेल जे आब देश मे पेट्रोल आ डीज़लक आपूर्ति सामान्य भऽ गेल अछि। एहि लेल जनहित मे एहि अस्थायी प्रतिबंध सभ कैँ वापस लेबाक फैसला कएल गेल अछि।

---

ग्रामीण विकास कैँ बढ़ावा देबऽ बला महत्वाकांक्षी योजना विकसित भारत जी राम जी काल्हि सँ प्रदेश भरि मे लागू कएल जाएत। एहि अंतर्गत हर वयस्क व्यक्ति कैँ वर्ष मे एक सय पच्चीस दिन कैँ रोजगारक गारंटी देल जाएत। ग्राम पंचायत योजनाक निर्माण करत आ श्रमिक सभक बैंक खाता में मजदूरीक सीधा आ समयबद्ध भुगतान कएल जाएत। जी राम जी योजना वर्तमान मे चलि रहल मनरेगा योजनाक स्थान लेत।

---

उपमुख्यमंत्री सह जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे राज्य मे संभावित बाढ़ि आ सुखाड़क स्थिति सँ निपटबाक लेल पर्याप्त तैयारी कएल गेल अछि। श्री चौधरी पटना स्थित जदयू कार्यालय मे पत्रकार सब सँ गपशप करैत कहलनि जे सरकार नव योजनाक तहत बाढ़िक पानि कें नहर आ आन माध्यम सब सँ संग्रहित करबाक व्यवस्था शुरू कएलनि अछि। एहि सँ सुखाड़क स्थिति मे किसान सब कें लाभ भेटत।

---

सर्वोच्च न्यायालय भोजपुरक कथित फर्जी पुलिस मुठभेड़ मामिलाक सीबीआई जाँचक माँग बला याचिका खारिज कऽ देलनि अछि। न्यायमूर्ति एम. एम. सुंदरेश आ न्यायमूर्ति शील नागूक अवकाशकालीन पीठ याचिकाकर्ता कैँ एहि मामिला मे उच्च न्यायालयक रूख करबाक लेल कहलनि अछि। ई याचिका अधिवक्ता विशाल तिवारी दाखिल कएने छलथि। ध्यातव्य अछि जे राज्य सरकारक निर्देश पर मामिलाक न्यायिक जाँच जारी अछि।

---

कला संस्कृति मंत्री प्रमोद कुमार कहलनि जे राज्यक छब्बीस संग्रहालय मे सांस्कृतिक विरासतक संरक्षणक काज सुदृढ़ कएल जाएत। श्री कुमार पटनाक विकास भवन मे आयोजित विभागीय नियुक्ति पत्र वितरण समारोह कें संबोधित कएलनि। एहि अवसर पर सहायक संग्रहालय अध्यक्ष पदक लेल चयनित नओ गोट अभ्यर्थी कें नियुक्ति पत्र प्रदान कएल गेल।

---

राज्यक उत्तरी हिस्सा मे मानसूनक सक्रियता सँ कतको जिला में झमाझम बरखा भेल अछि। मौसम विभाग आइ गोपालगंज आ पश्चिम चंपारण जिलाक लेल भारी बरखाक ऑरेंज अलर्ट जारी कएलक अछि। ओतहि, दरभंगा, पूर्वी चंपारण, मधुबनी, शिवहर, सीतामढ़ी आ वैशाली जिला में सेहो किछु स्थान सभ पर भारी वर्षाक चेतावनी जारी कएल गेल अछि।

---

समाप्त